**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 23**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Лъэпкъым папщIэ псэуа ДыщэкI Марие

● Фэеплъ

**«КъытщIэхъуэ щIэблэм анэдэлъхубзэр егъэджыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ икIи щIыхь зыпылъ къалэнщ, сыту жыпIэмэ лъэпкъ тхыдэр, хабзэхэр, нэщэнэхэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къозыгъащIэу щыIэр а зы Iэмалырщ - бзэращ а псоми я хъумакIуэр. Илъэси 100 хъуауэ къэралыгъуэ хуиту псэу, абы и ехъулIэныгъэм хуэлажьэ ди цIыхубэм нобэ зыри зэран къытхуэхъуркъым ди бзэр зетхьэжын, абы адэкIи зедгъэужьын, едгъэфIэкIуэн папщIэ», - апхуэдэ псалъэ шэрыуэхэр зыхэт хъуэхъу дахэкIэ ди республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщIым ирихьэлIэу къызыхэкIа лъэпкъым зыхуигъэзауэ щытащ ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, щIэблэ куэдым егъэджакIуэу, унэтIакIуэу яIа, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшу щыта, «КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща ДыщэкI (ТыIэщ) Марие Сухьэмэдин и пхъур (1949 - 2025). Адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ ныбжьыщIэхэм егъэджыным, анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр абыхэм гурэ псэкIэ зыхегъэщIэныным зи щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ езыхьэлIэу, лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуэм зи гъащIэри гуащIэри тыхь яхуэзыщI цIыху щыпкъэу дунейм тетащ ДыщэкIыр. Махуэ плIыщI хъуащ Марие къызэрытхэмытыжрэ...**



ШЭДЖЭМ щIыналъэм хыхьэ Лашынкъей къуажэм 1949 гъэм нобэ хуэдэ щэкIуэгъуэм и 15-м къыщалъхуащ Марие. Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, бзылъхугъэ цIыкIур щIэтIысхьащ Налшык дэт педагогикэ училищэм (иджы колледжым). ЕгъэджакIуэ IэщIагъэм иджыри сабийуэ гу хуищIати, ар къыхэхыным гугъу дехьакъым. Марие зэрыжиIэжу щытамкIэ, абы фIэфIт и егъэджакIуэм зригъэщхьыну - и псэлъэкIэкIи, и зыIыгъыкIэкIи. Унэм къэкIуэжамэ, гъунэгъу сабийхэр игъэтIысырти, и егъэджакIуэм кърigъэщIахэр яжриIэжырт, журнал цIыкIу ищIарэ оценкэхэр яхуигъэуву «дерс итырт». А псоми тепсэлъыхьыжын фIэфIт Марие. А хъыбархэм едэIуэныр сэри си жагъуэтэкъым: бзэ дахэ, екIу зыIурылъ егъэджакIуэм и псалъэхэм удамыхьэхынкIэ Iэмал иIэтэкъым, апхуэдизу ахэр хуабагъэрэ гуапагъэкIэ гъэнщIати. Абы игу къызэригъэкIыжымкIэ, анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр гурэ псэкIэ зыхищIэнымкIэ фIыщIэшхуэ ябгъэдэлъащ и адэшхуэ ТIэкъуэшрэ и анэшхуэ ЖанцIыкIуэрэ. «Дадэ куэдрэ сыщIигъэдэIуащ нарт Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэмэз, Сэтэней гуащэ, Мэлэчыпхъу Iущ сымэ ятеухуа хъыбархэм, абыхэм сыдригъэхьэхыу, - и сабиигъуэм тепсэлъыхьыжырт Марие. - Ди нанэ IэпщIэлъапщIэ дыдэт. Абы цым къыхимыщIыкIыф щыгъын щымыIэми ярейт. Дахащэу ищIыфырт уагъэхэр, хэдыкIынми хуэIэзэт. Абыхэм дыхуигъасэрт анэшхуэм. Гъуэлъыжыгъуэр къэсамэ, ди анэм и макъ щабэмкIэ къыджиIэ гущэкъу уэрэдхэр пыувэ хуэдэт нэхъыжьхэм къыдат хэкупсэ гъэсэныгъэм».

Шэч хэмылъу, абыхэм я деж къыщежьащ Марие адыгэбзэм, лъэпкъ IуэрыIуатэм яхуиIэ лъагъуныгъэ къабзэр.

Иджыри студент илъэсхэр щрихьэкIым, егъэджакIуэхэм гу къылъатат ТыIэщхэ я хъыджэбз жаным икIи гурыхуэм зэфIэкI лъагэ къызэрыкъуэкIынум, абы лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэ къызэрыхэкIынум. КъызэрыгуэкI урокхэми классщIыб лэжьыгъэми бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэнхэр къыхуигъуэтыфырти хьэлэмэту иухуэфырт, сабийхэр Iуэхум зэрыдригъэхьэхыным хущIэкъуу. Къиуха къуажэ школым практикэ къагъэкIуа нэужьи, Марие зыкъигъэлъэгъуащ егъэджакIуэфIым и хьэл нэхъыфIхэр зыхэлъ лэжьакIуэ гумызагъэу. Сабийхэр апхуэдизу къыдихьэхати, дерсхэр зэфIэкIа нэужьи ахэр я унэтIакIуэщIэм и гъусэу школым къанэрти, абы къызэригъэпэщ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм яфIэфIу хэтт. И нэIэм щIэт цIыкIухэр тхылъ еджэнми дригъэхьэхын папщIэ, Марие и гъэсэнхэр щIыгъуу зэманыфI щигъакIуэрт библиотекэми. КъинэмыщIауэ, егъэджакIуэм школым къыщызэригъэпэщат IэпщIэлъапщIэхэм я гупжьейхэри, абыхэм щIэх-щIэхыурэ кърigъэблагъэрт жылэм дэс бзылъхугъэ нэхъыжьхэр. Абыхэм я гъусэу езыми цIыкIухэм яригъащIэрт, къахузэIуихырт лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъэм и щэхухэр, Iудэ, хэдыкI зэмылIэужьыгъуэхэр зэращIым кIэлъигъэплъырт.

Еджэныр къыщиухым, Марие щалъхуа къуажэм игъэзэжащ икIи абы дэт курыт школым лэжьэн щыщIидзащ, абы и унафэщIым и лъэIукIэ. ЩIэныгъэ лъагэм хуэпабгъэ бзылъхугъэ цIыкIум мурад ещI бгъэдэлъ зэфIэкIым адэкIи хигъэхъуэну икIи, зэрылажьэм хуэдэурэ, щIотIысхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и урысыбзэ-адыгэбзэ къудамэм. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, ДыщэкIыр нэхъри тогушхуэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм икIи зэман кIэщIым кърiубыдэу IэнатIэм хуэIэижь мэхъу. ЕгъэджакIуэ гумызагъэм лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпу щIедзэ къэралым цIэрыIуэ щыхъуа еджагъэшхуэхэу Сухомлинский Василий, Амонашвили Шалвэ, Макаренкэ Антон сымэ я педагогикэ гупсысэхэр, апхуэдэу набдзэгубдзаплъэу щIеджыкI «Учительская газета»-м къытехуэ тхыгъэхэр, гупсэхуу щыгъуазэ зыхуещI методикэ журналхэм. А псоми я фIыгъэкIэ хэхъуащ ДыщэкIым бгъэдэлъ IэкIуэлъакIуагъэм, егъэджакIуэ пэрытхэми халъытэ хъуащ щIэх дыдэу.

ДыщэкIым къызэрилъытэмкIэ, щIэныгъэ уиIэныр хъарзынэщ, ар нэсу зумыгъэгъуэтауэ сабийхэр егъэджэныр уигу къыщIэкIын щыIэххэкъым. «Ауэ щыхъукIи, ар щIэблэм ябгъэдумылъхьэфмэ, дебгъэхьэхыфрэ езыр-езырхэу а щIэныгъэм лъыхъуэу, къагъуэту, зыIэрагъэхьэфу пхуемыгъасэмэ, уи щIэныгъэри сыткIэ сэбэп?!» - жиIэрт абы. А псори къилъытэри, сабийхэр нэхъ дэзыхьэхыну методикэ къилъыхъуэу щIидзащ Марие икIи хьэкъыу пхыкIащ нэгъуэщIым и щапхъэм утемыкIыу узэрымылэжьэфынур. Абы къыхэкIыу абы иубзыхужащ езым и лэжьэкIэ мардэ. Апхуэдэ Iэмал нэхъыфIу къилъытащ егъэджакIуэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ зэгъусэу щIэныгъэм лъыхъуэн зэрыхуейр, абыкIэ зэхуэдэ жэуаплыныгъи зыхащIэу, я Iуэху еплъыкIэхэр жаIэу, сэбэпынагъ зыпылъу къащыхъухэр хэIущIыIу ящIурэ, лэжьыгъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэу къалъытэр утыку кърахьэу.

ДыщэкI Марие иубзыхуа апхуэдэ лэжьэкIэм сабийхэм я гур къызэIуихащ, ахэр я гупсысэхэр къэзыIуэтэф, я Iуэху еплъыкIэхэр зэрыпхагъэкIыным хущIэкъуф ищIащ. Пэжщ, сабийхэм я гупсысэхэр зэщхькъым, жаIэ псори тэмэму, къезэгъыу щыткъым. АрщхьэкIэ аратэкъым егъэджакIуэм и дежкIэ нэхъыщхьэр, атIэ зэгъусэу пэжыр къызэрыхахыфырт, цIыхухэм я пащхьэм тегушхуауэ къызэрыщыпсэлъэфырт.

ШколакIуэхэр и предметым дригъэхьэхын папщIэ, Марие лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпырт дерс ухуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Къапщтэмэ, 5 - 8-нэ классхэм бжьыпэр нэхъ щиIыгът дерс-джэгухэм. Мыбдеж егъэджакIуэм нэхъыбэу зытриухуэу щытар псалъэрыджэгухэр, зэпеуэхэр, инсценировкэхэр, гурыхуагъэм, акъыл жаныгъэм тещIыхьа джэгукIэхэрат. 9 - 11-нэ классхэм мыхьэнэ нэхъ щритырт урок-семинархэм, урок-лекцэхэм, урок-зачётхэм, IэщIагъэм хуэзышэ джэгукIэхэм. Абыхэм я щапхъэт, псалъэм папщIэ, урок-суд, урок-аукцион, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ лэжьэкIэм еса ныбжьыщIэхэм къайхьэлъэкIыртэкъым еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьа нэужь, лекцэхэм едэIуэнри, семинархэм зыхуагъэхьэзырынри, зачётхэр зэратынури.

ЕгъэджакIуэ-методистым мыхьэнэ ин дыдэ иритырт классщIыб лэжьыгъэми. Марие къызэрилъытэу щытамкIэ, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ ныбжьыщIэхэм фIыуэ егъэлъагъунымкIэ ари хэкIыпIэфI дыдэхэм ящыщти, хуэфэщэн гулъытэ хуэщIыпхъэт.

Лъэпкъ Iуэхум уелэжьыныр, лъэпкъыбзэр ебгъэджыныр щIыхь зыпылъ IэщIагъэу зэрыщытыр фIы дыдэу къызыгурыIуэ егъэджакIуэр а IэнатIэм зэрыпэрыта илъэс 60-м нэсым зэи къэхъуакъым и щIалэгъуэм къыхиха гъуэгум щыхущIегъуэжа, сыт хуэдиз гугъуагъ хэлъми, ар къыщытехьэлъаи хэмытауэ жиIэрт. Абы и щхьэусыгъуэр зыщ: гурэ псэкIэ фIыуэ илъагъурт иригъэдж предметхэри, иригъаджэ сабийхэри, щригъаджэ школри. Хьэлэмэтращи, Марие зэи хущIэкъуакъым и закъуэ фIыным, адрейхэм нэхърэ нэхъыбэрэ щытхъу къыхуэжаIэным. Абы лэжьыгъэм тригъэгушхуэрт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм къыхыхьагъащIэ IэщIагъэлIхэри, бгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэ пэрытхэмкIэ фIэфIу ядэгуашэрт къыдэлажьэхэми, ди республикэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж дэтхэнэми.

Сабийхэр псори зэхуэдэу фIыуэ егъэджэн зэрыхуейм тещIыхьауэ екIуэкIащ ДыщэкIыр илъэс 35-кIэ зи унафэщIу щыта, районым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэри. ЕгъэджакIуэхэм я зы упщIи жэуапыншэу къигъанэртэкъым унэтIакIуэ Iэзэм. Шэджэм районми республикэми куэдрэ щекIуэкIащ Марие и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща, бзэмрэ литературэмкIэ практикэ, теорие семинархэр. МардэщIэхэр, пэрытхэр емышыжу къэзыхутэ методист гъуэзэджэм зы егъэджакIуэфIым и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэм адрейхэр щIигъэджыкIырт. 2017 гъэм Налшык щызэхашауэ щытащ анэдэлъхубзэр егъэджыныр егъэфэкIуэнымкIэ щIыналъэпсо щIэныгъэ-практикэ конференц. ДыщэкIым абы щищIа доклад купщIафIэр куэдым гукъинэ ящыхъуауэ щытащ. Абы Марие щызэпкърихат къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ дерсхэр иджырей лъэхъэнэм декIуу зэрыухуапхъэ мардэхэр, егъэджакIуэм зыхуигъэувыжыпхъэ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ, ахэр зэрызригъэхъулIэфыну чэнджэщхэри щIыгъужу. ЕгъэджакIуэ дапщэм сэбэп яхуэхъуа ар лэжьыгъэм и щэхухэр къащIэнымкIэ, сыт хуэдизым фIэщхъуныгъэ яхилъхьа Iуэхум зэрыпэлъэщынумкIэ, текIуэныгъэ къызэрахьыфынумкIэ? Апхуэдэхэм я бжыгъэр куэд мэхъу.

Шэджэм щIыналъэми, уеблэмэ республикэми исауэ къыщIэкIынкъым ДыщэкIым имыцIыху егъэджакIуэ, иужьрей илъэсхэм IэнатIэм пэрыувахэр къыумылъытэмэ. Марие лэжьыгъэ IуэхукIэ здэщымыIа еджапIи ди щIыпIэм имытми ярейщ. Лэжьыгъэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ цIыху щыпкъэм, щIэблэм я гъэсакIуэ икIи я унэтIакIуэ Iэзэм и Iуэху зехьэкIэр, бгъэдэлъ гупсысэ куур куэдым я дежкIэ щапхъэт, гъуазэт.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм щызэфIих лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу, ДыщэкI Марие дапщэщи жыджэру хэтащ фIыуэ илъагъу и Шэджэм щIыналъэм, ди республикэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм. Илъэс 25-м щIигъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм и япэ къэпщытакIуэ гупым пщIэ хуащIу хагъэхьа Марие абы зэман кIыхькIэ хэтащ, дэтхэнэми и лэжьыгъэр пщалъэ тэмэмкIэ къилъытэфу, щыуагъэхэм блишыфу, я ехъулIэныгъэхэр къиIэтыфу. «Адыгэ псалъэ» газетым иришажьэу, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Адыгэ унэ» лъэпкъ тыкуэным, нэгъуэщI къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэми даIыгъа а проект цIэрыIуэм хэту ДыщэкIыр адыгэбзэр езыгъэдж куэдым гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ. А илъэсхэм Марие гу ялъитэу утыкушхуэм иришахэм ящыщащ нобэ егъэджакIуэфIу къалъытэхэу Къуэныкъуей Рае, Хъубий Жаннетэ, Хьэгъур Светланэ, Тхьэзэплъыж Марят, Къардэн Олеся сымэ, нэгъуэщIхэри. Ди республикэм адыгэбзэр щезыгъэджхэм яригъэлъагъу щапхъэм къыдэкIуэу, ДыщэкIым илъэс куэдкIэ пыщIэныгъэ яхуиIащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Алибердыкъуэ къуажэм и егъэджакIуэхэм. Апхуэдэ лэжьыгъэри Марие къигъэсэбэпырт анэбзэм, литературэм егъэджакIуэхэр нэхъри дрихьэхынымкIэ.

КъинэмыщIауэ, Марие Лашынкъей щыпсэу цIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ, бынунагъуэшхуэхэм, щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу. Къуажэм щекIуэкI щэнхабзэ гъащIэм и къызэгъэпэщакIуэ нэхъ жыджэрхэм ящыщащ ар. Зэхыхьэ куэдым я жэрдэмщIакIуэт, къызэгъэпэщакIуэт, езыгъэкIуэкIхэми жыджэру яхэтт Марие. ЦIыхубэм я дзыхь кърагъэзри, ДыщэкIыр мызэ-мытIэу хахащ къуажэ советым и депутату.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр къыщыхалъхьами, Марие яхэтащ абы и утыку япэу ихьахэм. ДыщэкIыр яхэхуащ зэпеуэм щытекIуэу «УФ-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэщахэм, къэрал унафэщIым игъэува сом мини 100-ри тыгъэ зыхуащIыжахэм.

Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ къалэн къыщащIами, къулыкъухэр ирихьэкIами (ар лэжьащ егъэджакIуэуи, еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэуи, еджапIэм и унафэщIуи), ДыщэкIым ахэр дапщэщи ирихьэкIащ дагъуэншэу, ныкъусаныгъэншэу, фIыщIэрэ щытхъурэ пылъу. И IэщIагъэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэ куур, зэфIэкI лъагэр, жылагъуэм щиIэ пщIэшхуэр къалъытэри, Марие хагъэхьауэ щытащ КъБКъУ-м диплом лэжьыгъэхэр, магистр диссертацэхэр пхыгъэкIынымкIэ, экзаменхэр къеIыхынымкIэ и къэрал комиссэм (ГЭК).

ДыщэкIым и псэ хьэлэл лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуакъым. 1994 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. «Сердце отдаю детям» дунейпсо дыщэ орденыр, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я юбилейхэм ирихьэлIэу къыдагъэкIа дамыгъэхэр, «За укрепление межнационального мира», «180 лет первого покорения Эльбруса», «За содействие МВД» медалхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр кърататщ. Апхуэдэ къэрал гулъытэ лъагэмрэ жылагъуэ щIыхьымрэ Марие къихьат и IэщIагъэм хуиIа лъагъуныгъэ къабзэмкIэ, щIэблэм щIэныгъэ куу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу яхэлъхьэнымкIэ зэфIихыу екIуэкIа лэжьыгъэшхуэмкIэ.

Апхуэдэу цIэрыIуэ хъуа адыгэ бзылъхугъэм дапщэщи и щIыбагъ къыдэтащ лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ унагъуэ. Мариерэ и щхьэгъусэ Хьэсэнбийрэ (я ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) бынитI къащIэхъуат. Я щIалэ Замири я хъыджэбз Мадини щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтат, ахэр унагъуэуи ягъэтIысыжат.

Адыгэ лъэпкъым зиузэщIыным, абы и ехъулIэныгъэм хуэгъэпса лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIэзыхыу псэуа ДыщэкI Марие Сухьэмэдин и пхъум, егъэджакIуэ Iэзэм, гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэм, Iуэху дахэ куэдым я жэрдэмщIакIуэм, хэкупсэ нэсым, и фэеплъыр куэдрэ дигу ихунукъым. Апхуэдэ хэкупсэ нэсхэм яубзыхуа мардэхэмкIэщ щIэблэщIэм щIэныгъэ ноби зэрыратыр, ныбжьыщIэхэр зэрагъасэр, пэжыгъэм, захуагъэм, цIыхугъэм зэрыщIапIыкIыр.

Нэхугъэ, гуапагъэ, хуабагъэ къызыпкърыкIыу дунейм тета ДыщэкIым хуэдэ цIыху щыпкъэ къызыхэкIа лъэпкъым и къэкIуэнур дахэ ухъу. Марие и ужьри псоми тхуэмахуэну Тхьэм жиIэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**,
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

# Адэмей хабзэр зи фащэ

**ЩыIэныгъэм и уахътищыр - блэкIар, нобэр, пщэдейр - гъэщIэгъуэн дыдэу адыгэ гъащIэм щызэхэухуэнащ. Пэжщ, блэкIам хуемыплъэкIыж, абы и дерсхэмкIэ зи нобэр зымыузэщI, зи пщэдейр зымыубзыху жылэ щIагъуэ щыIэкъым. Ауэ адыгэхэм хуэдэу зи дыгъуасэрей махуэхэр зи нобэм гуэх имыIэу езыпх лъэпкъ куэд дыдэ урихьэлIэнуи къыщIэкIынукъым. ЦIыхум унагъуэ щищIым къыщегъэжьауэ дунейм щехыжа махуэм щыщIэкIыжу и гъащIэ гъуэгум блэкIам и хуэмэбжьымэхэр къытрихьэу, абы къыщыхъуахэм я жьауэ къытридзэу йокIуэкI. А щытыкIэм хуэфIу йозагъэ зэгуэр лъэрызехьэу щытауэ зи цIэр лъэпкъ тхыдэм къыхэна, нобэ зы къуажэ цIыкIу фIэкIа мыхъужу дунейм къытена адэмейхэр.**



ЯПЭЩIЫКIЭ хъыбар кIэщIкIэ зы гупсысэ дыхуэкIуэнут. ЗэраIуэтэжымкIэ, адэмейхэр зэгуэр ТхьэщI пэмыжыжьэу Псэкъупс и Iуфэм жылэшхуэу щыпсэуащ. Ахэр зэрыс щIыпIэм ипщэIуэкIэ удэкIмэ, къуакIэбгыкIэ пхыкIыгъуейхэм уокIуалIэ, узыхуашэ бгылъэхэм жыжьэу уащыхэплъэкIэ, бгъуэнщIагъыбэу зэрызэхэтым гу лъумытэнкIэ Iэмал имыIэу. БгъуэнщIагъ къэс къыщIэж псыр зэхолъэдэжри, Псэкъупс ирехьэх. А бгъуэнщIагъхэм я нэхъ ин дыдэр ТхьэщI и куэщIым итщ. Абы щхъыщхъышхуэ ищIу къыщIэж псым узэпрыкIмэщ, гъуэдыджым ущыщIыхьэфынур.

Хэти илъэгъуа, хэти хуэза, ауэ, нэхъыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, бгъуэнщIагъым и лъащIэм зы цIыху лъагэфI и инагъыну гъуаплъэ скъарышхуэ итщ, зэм ижьымкIэ, зэм сэмэгумкIэ зигъазэрэ IэщIэлъ умэрэбзэгъур (Iэщэ лIэужьыгъуэщ) зэщIидзу. Скъарым и щIыбкIэ иджыри щIыхьэпIэ иIэщ, дыщэрэ дыжьыну мылъытэр зыщIэз хъугъуэфIыгъуэщым ухуишэу. УхэIэбэрэ къыхэпхIамэ, бгъуэнщIагъым укъыщIэкIыжынукъым, ауэ уеIусэну иумыкуу къыщыбгъэзэжкIэ, скъарым IэщIэлъ умэрэбзэгъум къыхэщэщ сабэ налъэхэм узыпэмыплъар къыпхуащIэ - ахэр псалъэркъым, ауэ къыщыплъэIэскIэ, къоупщI хуэдэщ, сыт хуэдэ хъуэпсапIэ уиIэр, жаIэу.

Адэмейхэм ящыщу зылIщ а бгъуэнщIагъым щIыхьэну езыкуар, къыщыщIэкIыжми, имей къищтакъым. Арыххэти, абы сабэ налъэхэр уэру къытелъэлъащ. ЛIым и гум зэхихащ къызэреупщIыр, икIи, губзыгъэу къыщIэкIынти, си жылэжь щIэжрэ зэхэщIыкIкIэ къытекIуэ щымыIэу ирехъу, жиIащ, жаIэ. ЛIым игу къэкIар нахуэ хъуащ. Адэмейхэр адыгэхэм зэращIэри якъуэлъ лъэпкъ щIэныгъэм и инагъымрэ къахуэна тхыдэ щIэжым и кууагъымкIэщ. Апхуэдэущ ахэр нэхъапэкIэ зэрацIыхуари, аращ нобэми ахэр къызэращIэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, хьэщIэщ хъыбархэм хэлъ пэжымкIэ тхьэмадэхэм я зэхуаку зэныкъуэкъу къыдэхъуамэ, адэмейхэм я деж лIыкIуэ ягъакIуэрт, ар зэхэхауэ абыхэм я деж къыщащIэну. Пщыхэмрэ уэркъышхуэхэмрэ я лIакъуэ тхыдэр яхузэпымыгъэувэжмэ, адэмейхэр Iуэхум къыхашэрт. Джэгу е хьэдагъэ хуэIухуэщIэ гуэр ягъэдэхэнумэ, адэмей хабзэ хэдвгъалъхьэ, жаIэрт. ГуащIэ ябгэр ягъэIэсэнумэ, адэмей нысэ къалъыхъуэрт. Къаншэж ящIынумэ, адэмейхэм ящыщ шу пашэу ягъэувырт, абы екIуу къаныпIэм дришыжынщ, жаIэрти. Мыпхуэдиз гулъытэр адыгэ лIакъуэхэр адэмейхэм зэрахуэсакъым, ахэр къахъумэну зэрыхущIэкъум къыхэмыкIауэ пIэрэ, жыуегъэIэ, а жылэм щыщ зыхыхьэ Iуэхур апхуэдизкIэ нэгъэса хъууэ къалъытэу щытащи.

Я лъэпкъыщIэр жылэм фIэщыгъэ зыхуэхъужа адэмейхэр зы къуажэ цIыкIуу Щхьэгуащэ и Iуфэм Iусщ, иджырей Адыгэ Хэкум щопсэу. Адэмейхэр нобэми хабзэрэ зэхэтыкIэкIэ зэрылъэщщ, адэжьхэм щIэж тхыдэу зэрахьар щIэблэм зэрахъумэмкIи къыхощ. Адыгэхэм адэмей лIакъуэм ираплъ фэр къатещу унагъуэ згъэпэщат, хъыбар дахэ зыпылът Хьэбэхъухэ Аслъэнбийрэ Разиетрэ я унагъуэри. Лъэпкъ IуэрыIуатэхэр хуэсакъыу щахъумэ, уэрэдыжьхэр фIыуэ щалъагъу, адыгэ псалъэм пщIэ щыхуащI унагъуэ зэдэзыщIа Аслъэнбийрэ Разиетрэ зэрыкъуажэу къахуэарэзыт, адэжьхэм я щIэиныр хуэсакъыу зэрахъумэм къыхэкIыу. ЦIыхухэм пщIэ зыхуащI, зи чэнджэщ къалъыхъуэ, зи щэнхабзэм бзыпхъэ трах зэщхьэгъуситIым яхуэфэщэн щIэблэ къащIэхъуащ: ахэр гъащIэм екIуу хэтщ, я ехъулIэныгъэхэмкIэ адыгэ гупсысэм зрагъэIэту, лъэпкъ дуней лъагъукIэр ипэкIэ ягъэкIуатэу. Апхуэдэщ зи цIэр дахэу къуажэдэсхэм къраIуэ Аслъэнбийрэ Разиетрэ япхъу, адыгэ бзэщIэныгъэм гуащIафIэу щылажьэ, зи ныбжьыр мы махуэхэм илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуа Тау-Хьэбэхъу Нуриети.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа бгъуэнщIагъым и хъыбарыр дигу къыщIэкIыжам щхьэусыгъуэ хуэхъуар Нуриет и адэ-анэм яхэлъа адэмей хабзэм и закъуэкъым, атIэ езы бзылъхугъэри а щапхъэм хуэфэщэну, ар лъагэу къиIэтыну зэрыхущIэкъурщ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Мейкъуапэ щекIуэкIа щIэнIуатэхэм ящыщ зым Нуриет къыщыпсалъэм, едаIуэхэм языхэзым гъэщIэгъуэн дыдэ сщыхъуу къызэпхидзат: «ТхьэщI бгъуэнщIагъым щIыхьахэм ящыщщ Нуриет, абы шэч хэлъкъым», - жиIэри. Пэж дыдэу, Тау-Хьэбэхъу Нуриет ящыщщ адыгэбзэм зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIхэм, абы хэлъ дахагъэ псори къызэрыкIыным зи щIэныгъэмрэ зэхэщIыкIымрэ хуэзыгъэлъащэм.

Тау-Хьэбэхъу Нуриет къыщыхъуа унагъуэм илъа дахагъэ псори зыхуэунэтIар бынхэм я зэхуаку зэгурыIуэ дэлъхьэным, къызыхэкIа лъэпкъым и псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэр зыщIашэным и закъуэтэкъым. Адэ-анэр хущIэкъуащ адыгэ псалъэм къару лъэщ зэриIэр быным зыхрагъэщIэну, ар IэкIуэлъакIуэу зыгъэлъащэм и гуащIэдэкIым фIыгъуэ куэд къызэрыпэкIуэр гурагъэIуэну. Нуриет зэхищIыкIащ адэ-анэм я хъуапсэр икIи, пэжыр жыпIэмэ, абы хуэфащэуи къыщIэкIащ. Зэрысабийрэ лъэпкъ икIи дунейпсо литературэм щыщ тхыгъэ нэхъыфIыIуэхэм зыщигъэгъуазэу, абыхэм къызэкIуэцIах гупсысэ куухэм пкърышасэу, ахэр гъащIэ гъуазэ зэрищIыным хуэушэу къэтэджащ. Къыхэгъэщын хуейщ Нуриет и цIыкIущхьэм тхылъ еджэным къыхиха щIэныгъэм и гъащIэ гъуэгур зыкъомкIэ зэриубзыхуари.

Арагъэнущ къызыхэкIар, шэч хэмылъу, къуажэ курыт еджапIэр 1977 гъэм къиуха нэужь, Нуриет Мейкъуапэ дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым филологиемкIэ и къудамэм щIэтIысхьэныр. Адыгэ пщащэр еджэным хъарзынэу хэзэгъащ, институтым щекIуэкI гъащIэм жану хэтащ. Нуриет щеджэ къудамэм къыщызэрагъэпэщ щIэныгъэ зэIущIэхэм жыджэру хыхьэрт, пасэу дэзыхьэха къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кърикIуа гупсысэхэр щIэныгъэлIхэм я пащхьэ ирилъхьэрт. ЩIэх дыдэ гурыIуэгъуэ хъуащ адыгэ щIэныгъэм куэдкIэ узыщызыгъэгугъ хъуну цIыху мыгувэу къызэрыхыхьэнур.

ЩIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зэзыгъэгъуэта Нуриет Адыгейм телерадиоIуэхущIапIэм сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ нэтынхэр гъэхьэзырынымкIэ редактору лэжьэн щригъэжьащ. Ар куэдым гукъинэж ящыхъуа, нобэми щIэхщIэхыурэ зи гугъу ящI радионэтынхэм я зэхэшакIуэщ. Нуриет и лэжьыгъэр гукъинэж зыщIахэм ящыщщ, япэрауэ, нэтынхэр адыгэбзэкIэ ягъэхьэзыр зэрыхъуар, етIуанэрауэ, Адыгэ лъэпкъ театрым и лэжьакIуэхэр жыджэру зыхэлажьэ нэтынхэр анэдэлъхубзэкIэ къату зэрыхуежьар. ЕтIуанэ жэрдэмым нэгъуэщI фIагъхэри къыдэкIуащ: джэгуакIуэхэм ягъэхьэзыр радиотеплъэгъуэхэм адыгэ композиторхэм макъамэхэр хузэхалъхьэ хъуащ - ар зы лъэныкъуэкIэ, мыдрейуэ, лъэпкъ пшыналъэхэмрэ уэрэдхэмрэ нэхъыбэрэ радиокIэ къат, цIыхубэм щIэх-щIэхыурэ зэхрагъэх хъуащ. Нуриет и лэжьыгъэм къыщIэупщIэу, цIыхухэр къыхуеблагъэу икIи къыхуэтхэу хуежьащ.

Ауэ бзылъхугъэ цIыкIум и гур щIэныгъэмкIи еIэрт, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм дихьэхырт. Нуриет и гуращэхэр къыхуагъэдэхащ чэнджэщэгъу ищIахэм икIи 1987 гъэм КIэрашэ Тембот и цIэр зезыхьэ, Адыгейм гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым лэжьапIэ макIуэри, и щIэныгъэ гъуэгум адыгэбзэмкIэ и къудамэм щрегъажьэ. Зэрылажьэм хуэдэурэ, Нуриет Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым и аспирантурэм щIотIысхьэ икIи зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт Нуриет имыгъэгувэу, «Адыгэбзэм хэт упщIэ икIи теубыдагъэ зыхэлъ грамматикэ пкъыгъуэхэр» зыфIища кандидат лэжьыгъэр егъэхьэзыр. НэхъапэкIэ мащIэ дыдэу фIэкIа зытемыпсэлъыхьа Iуэхугъуэхэр Нуриет къызэщIикъуэжри, псалъэухам зэрыупщIэ икIи теубыдагъэ нэщэнэхэр езыт грамматикэ пкъыгъуэхэр адыгэбзэм щызэпкърихащ, ахэр зэрылажьэ щIыкIэмрэ ягъуэт мыхьэнэхэмрэ къихутащ. А къэхутэныгъэм Нуриет къыхуихьащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэ лъапIэр.

Адыгэ бзылъхугъэ цIыкIум и гъащIэ гъуэгур лъагъуитIым ирикIуэу къыщIэкIынут - аспирантурэм иужькIэ щалъхуа щIыналъэм къызэригъэзэжу Адыгэ Республикэм и телерадиоIуэхущIапIэм, иужькIэ Адыгейм и Къэрал телерадиоIуэхущIапIэ хъуам, ираджэж. Нуриет IэнатIэм нэхъапэкIэ щызригъэгъуэта IэпIэсэныгъэм и фIагъышхуэ къекIыжащ IуэхущIапIэм къыщигъэзэжым. Абдеж щигъэхьэзыра телепэхуэщIэхэр щIэщыгъуэт, къаIэт Iуэхугъуэхэр цIыхубэм я гуращэхэм пэджэжырт, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ я лъапIэныгъэр лъагэу зыIэтт. Апхуэдэу Нуриет игъэхьэзыращ «Ди лъэпкъэгъухэр», «Лэгъупыкъу», «Адыгэбзэ дерсхэр», нэгъуэщIхэри. Нэтынхэм я фIэщыгъэ къудейм къагъэлъагъуэ ахэр зыхуэунэтIауэ щытар, адыгэ гъащIэм щиубыд увыпIэр зыхуэдизыр. Дэтхэнэ зы къэтыгъуэри узыIэпызышэ теплъэгъуэхэмкIэ гъэнщIат, лъэпкъ дуней лъагъукIэм хьэлэмэтагъ къыхэзылъхьэ гупсысэхэр куэду хэухуэнат. Нуриет зыкъомкIэ и фIыщIэщ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ хэкурысхэмрэ я зэхуакум зэпыщIэныгъэ дахэхэр къызэрыдэхъуам, абыхэм я жьауэр хэку щэнхабзэ гъащIэм къызэрытридзам.

ЦIыхубз гуащIэр къызэрымыкIуэщ. Унагъуэри лэжьыгъэри зэдэзыхь бзылъхугъэм хузэфIэкIырт лъэныкъуитIри зэдигъэкIуэтэн, зыми и губгъэн къимыхьу зыхуей хуигъэзэн. Нуриет и щхьэгъусэр адыгэ дунейм фIыуэ къыщацIыху археолог цIэрыIуэ Тау Аслъэнти, гъащIэ гъусэ къыхуэхъуа бзылъхугъэм и гукъыдэжхэм зэи пэрыуакъым, уеблэмэ щIэгъэкъуэн быдэу сыт щыгъуи иIащ, нобэми апхуэдэу къокIуэкI. ЩIыбагъым гушхуэныгъэ зыхилъхьа бзылъхугъэм лъэпкъ щIэныгъэмрэ журналистикэмрэ и гуащIэ хилъхьэу къекIуэкIащ. Ауэ, икIэм-икIэжым, щIэныгъэр текIуащ. 2011 гъэм Нуриет щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къегъэзэж, а илъэс дыдэм IуэхущIапIэм и щIэныгъэ секретару ягъэув. Илъэс 12-кIэ пэрытащ Нуриет а IэнатIэм, институтым и къудамэхэм я лэжьыгъэр и нэIэ щIэту, щIэныгъэ зэхуэсхэм къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэр зэблигъэкIыу, къэхутэныгъэхэр зытрадзэну щIэныгъэ журналхэмрэ зэужьхэмрэ я зэхэлъыкIэр иубзыхуу. Институтым и цIэр утыкушхуэм щыгъэIунымкIэ, абы и лэжьакIуэхэм я пщIэр къэIэтынымкIэ Нуриет хузэфIэкIар мащIэкъым.

Нуриет зыпэрыт къулыкъущIэ IэнатIэм IэщIыб иригъэщIакъым щIэныгъэр. Ар дехьэх бзэщIэныгъэм щыщ Iуэхугъуэхэм, икIи, къыхэгъэщын хуейщ, гулъытэ жан зэриIэр хэплъагъуэу, гъэщIэгъуэн куэд дыдэ утыку къызэрырихьэр. Апхуэдэу абы и IэдакъэщIэкIащ фонетикэм, грамматикэм, ономастикэм, лексикографием теухуауэ лэжьыгъи 100-м щIигъу, Едыдж Батырай и гъусэу зэхигъэуващ «АдыгэбзэкIэ допсалъэ» тхылъыр, зэхилъхьащ абы гуэдзэн хуэхъуа «Адыгэ-урыс-тырку псалъалъэр». Мыбдеж занщIэу къыщыжыIэн хуейщ «АдыгэбзэкIэ допсалъэ» тхылъыр мультимедие жыпхъэм иту зэригъэхьэзырари, ар слайд напэкIуэцIи 131-рэ хъууэ дунейм къызэрытехьари. А пэхуэщIэр хамэ щIыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къабылу къащтащ, Тыркумрэ Германиемрэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зэIэпахыу адыгэбзэр иризрагъащIэ.

Нуриет и къэхутэныгъэхэм къахощ лексикографие лэжьыгъэр. Ар хэтащ «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» лэжьыгъэшхуэр зыгъэхьэзыра гупым. Томищу зэхэту дунейм къытехьа тхылъым псалъэ мин 50-м нэблагъэ къызэщIеубыдэ, дэтхэнэми я мыхьэнэр къызэпкърихыу, псалъэр бзэм зэрыхэт грамматикэ фащэри къигъэлъагъуэу. А къэхутэныгъэм адыгэбзэм хэкIуэдыкIыжу хуежьа псалъэ куэдым я мыхьэнэр щызэфIэгъэувэжащ, нэхъапэкIэ къыдэкIа псалъалъэхэм имыхуа куэди кIуащ. Лэжьыгъэр нобэ щIэныгъэрылажьэхэм я мызакъуэу, егъэджакIуэхэми, еджакIуэхэми, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм пэрытхэми, адыгэбзэр зэзыгъащIэхэми шэщIауэ къагъэсэбэп.

Тау-Хьэбэхъу Нуриет анэдэлъхубзэр фIыуэ зэрищIэм, щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хъарзынэу зэрыхэзагъэм и хьэтыркIэ редактор къалэнри куэдрэ къыхуагъэфащэ. Апхуэдэу ар философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэнэхъу Руслан игъэхьэзыра «Адыгэ (шэрджэс) философиемрэ щэнхабзэмрэ» фIэщыгъэр зиIэ щIэнгъуазэм и щIэныгъэ редактору щытащ. Институтым къыдигъэкI «ЩIэныгъэ гъуазэ» зэужьым и редактор хасэм хэтщ, къэхутэныгъэхэм я фIагъыр къилъытэу, ахэр зи IэдакъэщIэкIхэм чэнджэщ щхьэпэхэр ярихьэлIэу.

Нуриет адыгэбзэм, IуэрыIуатэм, тхыдэм, лъэпкъ щIэныгъэм ехьэлIауэ щIыналъэм щекIуэкI зэIущIэхэм, щIэнIуатэхэм, Iэнэ хъурейхэм къыщыпсалъэу урихьэлIэнущ. Абы и къэпсэлъэныгъэхэр треухуэ адыгэ лIакъуэхэмрэ унагъуэцIэхэмрэ епха псалъэхэм, жьы хъуауэ бзэм хэкIуэдыкIыж фIэщыгъэхэм, зи мыхьэнэр ямыщIэжу псалъэжьхэмрэ псэлъафэхэмрэ къахэна жыIэгъуэ щхьэхуэхэм. Ахэр тхыдэм епхауэ, лъэпкъ щIэныгъэм и шыбзэм щIэгъэкIауэ зэрыщытым къыхэкIыу, бзэм щIэх дыдэ щызэфIоувэж, щIалэгъуалэм къащтэж.

Нуриет 2023 гъэм къыщегъэжьауэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэщ. Иужьрей илъэсхэм ар ядолажьэ кандидат диссертацэхэр зытх ныбжьыщIэхэм, абыхэм я къэхутэныгъэхэмрэ абыхэм тращIыкIыжа авторефератхэмрэ ехьэлIа рецензэхэр егъэхьэзыр, диссертацэхэр щыпхагъэкI хасэхэм жыджэру ядолажьэ.

Щхьэхуэу и гугъу щIыпхъэщ Тау Нуриет зэдзэкIын Iуэхуми зэрыхэтыр. Абы адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ урыс литературэм щыщ тхыгъэ зыбжанэ, уеблэмэ ахэр радиокIи къатыжащ. Нуриет къызэрилъытэмкIэ, дунейпсо зэхэщIыкIым зиубгъунымкIэ, щэнхабзэхэм заужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ сыт хуэдэ тхыгъэри адыгэбзэкIэ «къэгъэпсэлъэн» хуейщ. Аращ ар жыджэру щIадэлажьэр Тэурэтыр, Забурыр, Инджылыр, КъурIэныр нэгъуэщIыбзэхэм изылъхьэ дунейпсо зэдзэкIакIуэ гупхэм, бзэр къабзэу икIи игъуэу а тхылъхэм къызэрыщыкIуэ щIыкIэхэм кIэлъыплъу.

Тау-Хьэбэхъу Нуриет и гуащIэдэкIыр къэралми жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми гулъытэншэ ящIакъым, абы пщIэшхуи хуащIащ. Нуриет къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэми Адыгэ Республикэми щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ я Щытхъу тхылъхэр, Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и ФIыщIэгуапэ тхылъыр, къулыкъущIапIэ икIи жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я фIыщIэ тхылъ бжыгъэншэхэр. Апхуэдэу Нуриет Адыгэ Республикэм ЩIэныгъэмкIэ и къэрал саугъэтым и лауреатщ.

Еши щхьэхи имыщIэу лъэпкъым хуэлажьэ бзылъхугъэм щытхъум я нэхъ иныр къилэжьат, ТхьэщI бгъуэнщIагъым щIыхьахэм ящыщу щыжаIам. Адыгэхэр адэмей хабзэкIэ зэджэр щIэныгъэщи, абы Нуриет хуэпэжу къыщIэкIащ, адэжьхэм я щIэиныр къызыхэкIа лъэпкъым зэрыбгъэдилъхьэн зэфIэкIрэ зэхэщIыкIрэ къыкъуэкIащ. Зи гуащIэр иджыри из Тау-Хьэбэхъу Нуриет и махуэщI дахэмкIэ дохъуэхъу, унагъуэ гуфIэгъуэрэ лъэпкъ гухэхъуэрэ щымыщIэу бэрэ ди япэ итыну ди гуапэщ.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*




● Адыгэ шхыныгъуэ



# Былым тхьэмщIыгъу гъэбэкхъа

ФIыуэ тхьэщIа тхьэмщIыгъур Iыхьэурэ яупщIатэ, и гъумагъыр см 3 - 4, кIыхьагъыр см 10 хъууэ. Абыхэм сэкIэ гъуанэ цIыкIу хуащI, ямыугъуэныпэу. Шыгъу щахуэ. ИтIанэ а гъуанэ цIыкIухэм бжьыныху хьэдзэ упщIэта, шыбжий сыр упщIэта иралъхьэ, гуэдз хьэжыгъэм фIыуэ хакухьри тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэ. Iыхьэхэр лъэныкъуитIымкIи тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Шатэпс щIакIэ, тебащхьэр трапIэжри, мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Iэнэм пщтыру, тебэм къина шатэпсри текIауэ тепщэчкIэ трагъэувэ. И щхьэм бжьын упщIэта тракIутэ. Дашх пIастэ, мырамысэ хуабэ, чыржын, щIакхъуэ.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* тхьэмщIыгъуу грамм 600, бжьыныху укъэбзауэ грамм 20, шыбжий сыр мыхьэжауэ грамми 5, тхъууэ грамм 80, бжьыныщхьэ упщIэтауэ грамм 60, шатэпсу грамм 250-рэ.

Шыгъуу, гуэдз хьэжыгъэу узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Пхъыпсым тхъуцIынэ хэлъу

● Чэнджэщхэр



Жэгундэпсым гур, лъынтхуэхэр фIыуэ егъэлажьэ, тхьэмщIыгъур, зэзыр, жьэжьейр егъэкъабзэ. Лъыр къэгъэхъунымкIэ, ар гъэкъэбзэнымкIэ абы къытекIуэн нэгъуэщI къэкIыгъэ щыIэкъым. Абы апхуэдэу лъатэ, кIэтIий узхэри зэтес ещIыж. Жэгундэпсыр къыщIэхуагъащIэу махуэ къэс щэ грамм тхущI-тхущIу уефэмэ, нэхъыфIщ. Тхьэмахуит! хуэдизкIэ ефэн хуейщ. ИтIанэ зы тхьэмахуэ дэбгъэкIыу къыщIэбдзэж хъунущ.

* * *

Бдзэжьейр щывгъажьэкIэ, пIащIэу зэтегъэжауэ кIэртIоф тIэкIу дэвгъажьи, бдзэжьеимэр игъэкIуэдынущ.

* * *

Бжьыныр фымыгъэлыбжьэ и пэкIэ хьэжыгъэм хэфкухьмэ, и фэр тхъуэплъ дахэ хъунущ.

* * *

Пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуар япэщIыкIэ псы хуабэм сыхьэтищ хуэдизкIэ хэвгъэлъмэ, компот вгъавэм и фэр нэхъ дахэ, езыри нэхъ гурыхь хъунущ.

* * *

Пхъыпсым тхъуцIынэ тIэкIу хэплъхьэмэ, нэхъ гуакIуи, нэхъ IэфIи мэхъу.

● ГушыIэхэр

Хьэжмурид и фыз илъэс 60-м щхьэдэхар пщэдджыжь къэскIэ гъуджэм бгъэдоувэ, лэдэх зэфэзэщ хъуа и нэкIур фIыуэ къызэпеплъыхьри, гур зэрытепщахэр пщIэуэ жеIэ:

- Мис мыращ уэ пхуэфащэр, Хьэжмуридыжь!

* * *

Анзор цIыкIу хуабжьу зызыгъэщIалафэ и анэшхуэм жреIэ:

- Мэрожнэ къысхуумыщэхунумэ, псоми зэхахыу «нанэкIэ» сыноджэнущ!

* * *

ЛIыр телефонкIэ и фызым йопсалъэ:

- Сэ ныжэбэ си щIасэ фызым и деж сыкъэнэнущ.

- Аргуэру пцIы боупс, хьэбыршыбыр! Мухьэжидыжьымрэ уэрэ фефэну фи мурадуращ, - аракъэ?!

* * *

Къуэр зилIэжу къыщIолъэдэж:

- Папэ, папэ! Ди машинэр ирахужьащ!

- Плъэгъуа езыхужьа хьэбыршыбырыр?

- Слъэгъуащ.

- КъыпхуэцIыхужыну?

- Хьэуэ... Ауэ мис, - Iуахуа машинэм и номерыр стхащ.

* * *

Гаишникхэр зэхэтщ.

- Феплъыт мо шэм хуэдэу къакIуэ «Жигули» цIыкIум!

- Сыт хуэдэ скоросту пIэрэ абы иIыгъыр?

- Ауэ хьфIэдзи, тумэн 15 и уасэ скорость.

* * *

Зачет къеIызых егъэджакIуэр студентым йоупщI:

- «ЭкзаменкIэ» зэджэр сыт?

- Экзаменыр - ар цIыху губзыгъитI щызэпсалъэращ.

- А тIум я зыр делэмэ-щэ?

- ИтIанэ адрейр стипендие зратынухэм яхэхуэнукъым.

* * *

Судьям:

- Мы машинэр епхужьэн щхьэ хъуа, щIалэ?

- Уэлэхьи, зэрыхъуарам: кхъэм деж щытти, мыр зейр лIауэ къыщIэкIынщ, жысIэри...

● Апхуэди къохъу

# И насыпти...

ИНДЖЫЛЫЗЫМ и правительствэм и Iэтащхьэу щыта Черчилль Уинстон куэди къыщыщIырт, куэдми кьелащ. Мис абыхэм ящыщ зы.

1941 гъэм и бжьыхьэм зенит батареем и Iуэху зытетыр зригъэлъагъуну кIуат. Псори зэфIэкIауэ машинэм къыщитIысхьэжым, и хъумакIуэм машинэм и пэ бжэр премьерым хуIуихащ. «УимытIысхьэ» жиIэу зы макъ гуэр зэхихащ абы. ИтIанэ и щIыбагъ бжэмкIэ итIысхьащ.

Машинэр ежьэну хунэсатэкъым ипэмкIэ бомбэ къыщыуам. Шоферри премьерым и хъумакIуэри иукIащ, езы Черчилль кьелащ.

● Псалъэжьхэр

# ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ

♦Бзылъхугъэ зэрымыс унэрэ мэш зэрымыт хьэсэрэ.

♦ФызыфI и Iэнэ зэтетщ.

♦Фызыр щIагъуэмэ, унагъуэм кьеIуатэ.

♦ФызыфI илI гъуэмылэншэ хъуркъым.

♦Анэр нэщи, адэр лъэпкъщ.

♦Дыгъэ нэпс нэхърэ анэ бгъафэ.

♦И анэ еплъи ипхъу къашэ.

♦ЛIым и узыншагъэр фызым и фIыгъэщ.

♦ФызыфI зиIэ и гуауэ шэчыгъуафIэщ.

♦Насыпыр фызым къыдокIуэ.

♦Уи фызыр фIымэ, джэгу умыкIуэж - махуэ къэси уи джэгущ.

♦ФызыфI зиIэм хъуэхъу и унэ илъщ.

♦ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ.

♦ФызыфI гъэтIылъыгъэншэ хъуркъым.

# Псалъэзэблэдз

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Кьалэ-лIыхъужь. **4**. Гъатхэм пасэу ди щIыпIэм къэлъэтэж къуалэбзу фIыцIэ, къуанщIэм нэхърэ нэхъ цIыкIу. **6**. Унэ щащIкIэ кьагъэсэбэп ткIуаткIуэ. **7**. Бгырыпхыщхьэ. **9**. Адыгэ композитор цIэрыIуэ Балэ ... **12**. Колхоз губгъуэм ит къэкIыгъэхэр Iэщ кIэрыутIыпщым Iисраф езымыгъэщIу кIэлъыплъ цIыху.

*Къехыу:* **1**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ... дэзщ. **2**. ЩоджэнцIыкIу Алий тырку къэралыгъуэм щитха усэ цIэрыIуэ. **3**. Унагъуэм и нартыху хъумапIэ. **4**. Iэщым, хьеуаным зэреджэ нэгъуэщIыцIэ. **5**. Къэп цIыкIу. **8**. Шыуанышхуэ. **10**. Тенджызым, хым щызекIуэ транспорт. **11**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътIанщ.**



*ЩэкIуэгъуэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:*

*ЕкIуэкIыу:* 1. Мэкъутэ. 3. Хуабэу. 6. Зырыз. 8. Шхэмэ. 9. Зэхэгъэж. 11. Сымаджэм. 13. Зыгъуэт. 15. Гуащэм. 17. Щхьэуз. 18. Псэум.

*Къехыу:* 1. Мэзрэ. 2. Къуэр. 4. Бжьэ. 5. Унэгъущ. 7. Зыхэмыт. 8. Шыгъэджэгу. 10. Мазэщ. 12. Хамэм. 14. Гъунэ. 16. Щхьэ.




# Къэбым зэхуишэсахэр

**Мы бжьыхьэ махуэхэм Налшык къалэм и НыбжьыщIэ театрым и гупэм къит Свободэ жыг хадэ цIыкIур таурыхъым и дуней телъыджэми ярейт. Абы щагъэлъэпIащ къэбым и махуэр. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ «Деловая Россия» IуэхущIапIэм и щIыналъэ къудамэм и щIалэгъуалэ гупым, къалэ администрацэмрэ къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтымрэ и дэIэпыкъуэгъуу.**

ГУКЪЫДЭЖ яIэу зэхыхьэ гуапэм зрагъэхьэлIащ къалэдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ, унагъуэ-унагъуэкIэрэ зэгъусэу абы екIуэлIаи яхэту. Театр щIыхьэпIэри, дэкIуеипIэри, Iэгъуэблагъэри ягъэдэхат зи инагъ-цIыкIуагъкIэ зэщхьэщыкI къэб зэмыфэгъухэмкIэ.

Къэбым къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэмрэ псыIэфIхэмрэ хьэуам хэтт, я мэ гуакIуэр зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу. Сабийхэм я IутIыжт: дэнэкIи я дыхьэшх макъыр къыщыIурт; цIыкIухэм къыхузэрагъэпэща мастер-классым зэрыджэгу хьэпшыпхэр щагъэхьэзырырт; языныкъуэхэм я нэкIухэм художникхэм къэбым и сурэт трагъэщIыхьырт, адрейхэр къэб теплъэ зиIэ шашкэкIэ джэгурт.

- Хуабжьу си гуапэщ мы жэрдэмыр си лэжьэгъухэми «Платформа» институтми къызэрыздаIыгъар, - жеIэ илъэс етIуанэ хъуауэ махуэшхуэр зи жэрдэм Блий Залинэ. - Ар къыщIэзгупсысам и щхьэусыгъуэр къэбыр фIыуэ зэрыслъагъурщ, варенэ, джем, IэфIыкIэ жыпIэми, абы шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыхэсщIыкIырщ. А псом къыдэкIуэу къэбыр бжьыхьэм и плъыфэщ, и дамыгъэщ. Ар икIи къэуат зыщIэлъ шхыныгъуэ зэгъщ, и теплъэкIи зэкIужщ. Аращ зы щIэщыгъуэ гуэр къэзгупсысыныр къызыхэкIари.

Блийм дыщIигъужащ, жармыкIэ къудей мыхъуу, унагъуэхэм зыщагъэпсэху, я нэгу зыщрагъэужь зэхыхьэ къызэригъэпэщыным зэрыхущIэкъуар. Зэхуэсахэр Залинэ ипщэфIа шхыныгъуэхэм я IэфIагъыр зыхуэдэм еплъхэрт, шей, кофе щIыгъуу.

Зэхыхьэм къыщызэрагъэпэща дэтхэнэ зы мастер-классри зытеухуар къэбырт: абдеж цыкIэ щызэIуащэрт къэбым и теплъэр, сурэт щащIырт, къэб теплъэ зиIэ, удз гъэгъахэм папщIэ кумбыгъэхэр гипсым къыщыхащIыкIырт, «къэб» бранычхэр ягъэхьэзырырт, къэбхэм IэплIэ ирашэкIыурэ сабийхэми балигъхэми сурэтхэр зытрагъэхырт, языныкъуэхэм унэм здахьырт.

Мы зэхыхьэм насыпырыхь джэгуи къыхузэрагъэпэщат, мастер-классхэм хэта хьэщIэхэмрэ абыхэм щагъэхьэзыра хьэпшыпхэр къэзыщэхухэмрэ папщIэ.

Прохладнэм щыщ, мастер-класс зыта Гаевэ Татьянэ жиIащ Iуэхум хэтхэм «Деловая Россия» хьэрычэт школыр къызэраухар, хьэрычэтыщIэ щIалэгъуалэм я зэфIэкI ягъэлъэгъуэну «къэбым зэрызэхуишэсар», хьэжыгъэм къыхищIыкIа «къэбыр» зи насып текIуэм тыгъэ хуищIыну зэримурадыр.

«Деловая Россия» хьэрычэт школым и щIалэгъуалэ гупым щыщ Ерчэн Олеси я насыпырыхь джэгум и саугъэтхэр зыхуэдэр жиIащ: языныкъуэхэм варенэ банкIхэр, адрейхэм Тыркум зэрызыщагъэпсэхуну путёвкэхэр къапэплъэрт.

Махуэшхуэм балигъхэми сабийхэми зыщагъэпсэхуауэ, Iуэхур къыхэзылъхьахэм фIыщIэ хуащIу зэбгрыкIыжащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**







*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Кулиевым и фэеплъыр ягъэувыж

**Тырку Республикэм и къалащхьэм – Анкара – куэд мыщIэу щагъэувынущ балъкъэр усакIуэ, Лениным и саугъэтыр, РСФСР-м Горький и цIэкIэ щагъэува Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэщауэ щыта Кулиев Къайсын и фэеплъыр. А зэIущIэм хэтыну жаIэ тырку къулыкъущIэхэр, унафэщIхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, ди щIыналъэм икIыну гупыр.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, 2019 гъэм Анкара и Кечиорен хьэблэм къыщызэIуахауэ щытащ балъкъэр усакIуэм и цIэр зыфIаща аллеер икIи абы щагъэуват Налшык щыщ сурэтыщI цIэрыIуэ Ахматов Леуан Кулиевым хуищIа фэеплъыр. А махуэшхуэм кърихьэлIат щIыпIэ администрацэм и унафэщIхэр, тырку щэнхабзэм и дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэр, къалэдэсхэр. Илъэси 5 дэкIауэ, домбеякъ фэеплъым чэзэп (кислота) кърақIыхри, тетха усэ сатырыр ягъэсащ, иужьыIуэкIэ езыр ядыгъуащ.

Ар хэIущIыIу хъуа нэужь, балъкъэр усакIуэ, «Минги Тау» литературэ журналым и унафэщI Додуев Аскэр тхащ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм икIи щIэлъэIуащ Iуэхур зэхагъэкIынымкIэ, фэеплъыр щIэрыщIэу ягъэувыжынымкIэ сэбэп къахуэхъуну.

Зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм Тырку Республикэми тхыгъэкIэ зыхуагъэзащ, зэрызэгурыIуам тетуи, фэеплъыр Ахматовым щIэрыщIэу ищIыжащ, икIи ар щэкIуэгъуэм и 19-м Анкара нашэсу нэгъуэщI аллеем деж щагъэувыну яубзыхуащ.

- Фэеплъыр къызэгъэпэщыжыным, ар гъэувыным текIуэдэну мылъкур тырку лъэныкъуэм и пщэ дилъхьащ. Килограмм 60 хъу домбеякъ сурэтыр Кечиорен тшэуэ дгъэувыну ди пщэ къыдалъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыну гупым. Абы хэтынущ Кулиевхэ я лъэпкъым я нэхъыжьу Малик, Мисадинов Расул, Ахматов Леуан, сэ, - жиIащ Додуевым.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, бзаджащIэхэм ягу иримыхьар япэрей фэеплъым тетаращ: «ЦIыхубэр фIыуэ плъагъуну тыншщ, уи гъунэгъур фIыуэ лъагъуф». Иджы фэеплъым традзэну ягъэлъэгъуа къыхуеджэныгъэхэм яхэдэри, къыхахащ: «Сыт хуэдэу цIыкIуу си лъэпкъыр щытми, си япэ куэдрэ ирырет» сатырыр. Ар Кулиевым и фэеплъым тетынущ урысыбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, тыркубзэкIи.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# ТекIуэныгъэм и паркыр

**Налшык къалэм 2-нэ Тамань дивизэм и цIэр зезыхьэ уэрамым щаухуэ ТекIуэныгъэм и паркым и япэ Iыхьэр и кIэм нагъэсащ.**

ПАРКЫР псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 12-м мэхъу икIи аллееу 4 хэтынущ. Абыхэм псоми плиткэхэр иралъхьа- кIэщ, уэздыгъэхэри щыпадзащ. Апхуэдэуи тетIысхьэпIэхэмрэ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэмрэ щагъэуващ.

Лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

Иджы лэжьакIуэхэр пэрыхьэнущ паркым и етIуанэ Iыхьэм хыхьэ лэжьыгъэхэм - ар зэIузэпэщ щIынымрэ жыгхэр хэсэнымрэщ. Псори зэхэту абдеж жыг 450-м нэблагъэ хэтынущ, абыхэм ящыщу 170-р пхъэхуейуэ. Апхуэдэуи щагъэтIысынущ щиху, шыкIуртым, кIей лIэужьыгъуэхэр.

**КЪУЭЖЕЙ Iэмин.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.293 Заказыр №2472

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, егъгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А